

Se Gouvènè Jeb Bush ki te siyen lwa sou pwogram Volontè Anvan Jaden Danfan an (VPK) le 2 janvyè 2005. Poutèt lwa sa a, yo te kreye yon pwogram pou prepare tout timoun Florida ki gen 4 an pou yo antre nan jaden danfan epi pou yo ka gen yon baz solid pou yo kontinye gen siksè nan edikasyon yo. Pwogram VPK a va bay chak timoun opòtinite pou l travay pi byen lekòl epi pandan tout lavi l ak yon seri de pwogram solid tankou pwogram nivo alfabetizasyon avanse, pwogram sou responsab, pwogram akademik konvab, pwogram peryòd ansèyman dirab, pwogram kontwòl sou kantite etidyan nan klas ak pwogram anseyan ki kalifye.

Asosyasyon ki genyen ant anseyan prive ak anseyan piblik kap mete tèt yo ansanm pou yo travay defason pou yo boukante konesans, antrenman ak resous, kidonk kalite edikasyon ak kalite swenyay yap bay timoun Florida yo va miyò lèfini yap benefisyè.

OFFICE  
OF  
Early Learning

# PWOGRAM VOLONTÈ ANVAN JADEN DANFAN NAN FLORIDA

## PWEN ENPÒTAN YO

- Pwogram VPK a ap kòmanse nan sezon otòn ane eskolè 2005 lan
- Pwogram ansèyman siperyè ak yon konsantrasyon preliminè sou alfabetizasyon
- Li GRATIS pou tout timoun kap gen 4 an anvan 1ye septanm, ki rete nan Florida
- Pagen okenn frè enskripsyon
- Ni anseyan prive, ni anseyan piblik pral patisipe ladann

## PWOGRAM VPK POU CHWAZI

- Pwogram pandan Ane Eskolè—540 èdtan ansèyman kap kòmanse ann otòn 2005
- Pwogram Dete – 300 èdtan ansèyman kap kòmanse ann ete 2006

## KOWALISYON POU APRANTISAJ TIMOUN PITI

Gen Kowalisyon pou Aprantisaj Timoun Piti (ELC) toupatou nan eta a. Chak ELC ede anseyan yo atenn nivo lalwa Florida egzije pou genyen. ELC w la gen plis enfòmasyon konsènan kondisyon aplikasyon w lan. ELC a pral genyen yon lis ki gen anseyan lokal yo ak lekòl piblik yo ki pral patisipe nan pwogram lan. Ou ka jwenn enfòmasyon pou pran kontak ak ELC a nan [www.vpkflorida.org](http://www.vpkflorida.org).

## ANSEYAN FÈT POU YO KONFÒME YO AK KONDISYON SWIVAN YO

Anseyan prive yo fèt pou gen tout kalifikasyon direktè yo dwe genyen, yo fèt pou yo gen lisans (kote pou fè jaden danfan, yon kay pou yo fè jaden danfan defami, oubyen yon gwo kay pou yo fè jaden danfan defami) oubyen pou yo egzante de lisans (lekòl prive oubyen anseyan ki baze sou lafwa) epi pou yo ranpli youn nan kondisyon swivan yo:

1. Pou yo detni yon nominasyon ki reprezante yon So Annò sou Kalite Swen
2. Pou yo gen yon akreditasyon ki soti nan yon asosyasyon ki apwouve
3. Pou yo gen lisans epi pou yo demontre kowalisyon lokal la ke anseyan yo reponn a tout egzijans ki gen nan pwogram lan

## PWOFESÈ YO

- Tout pwofesè VPK yo fèt pou gen omwen yon diplòm Etid Dezan nan Devlopman Timoun pou pwogram ane eskolè a oubyen yon diplòm Etid Katran pou pwogram dete
- Mwayèn lan se 1 pwofesè pou 10 timoun
- Efektif klas la pap depase 18 timoun

## PWOGRAM AKADEMIK LAN

- Fèt pou l kòrèk sou plan devlopman
- Dwe konsantre sou aptitud alfabetizasyon nan aprantisaj
- Dwe prepare timoun lan pou jaden danfan apatide de nivo fòmasyon Konsèy Edikasyon Leta a te adopte

## TRANSPÒTASYON

- Se paran yo ki responsab pou bay pitit yo transpò



POU KA GEN PLIS ENFÒMASYON OUBYEN SI W TA GEN PLIS KESYON, TANPRI ALE NAN SIT ENTÈNÈT AJANS POU INOVASYON NAN MENDÈV LA – BIWO POU APRANTISAJ TIMOUN PITI VPK A NAN [www.vpkflorida.org](http://www.vpkflorida.org) OUBYEN RELE NOU NAN NIMEWO GRATIS LA NAN: 1-866-357-3239 (TTY: 711)


## KIJAN POU M FÈ POU M APLIKE POU MWEN VIN YON ANSEYAN VPK (VPK PROVIDER)?

Si w vle enskri pou anseye pwogram volontè anvan Jaden Danfan an, ou kapab dechaje aplikasyon an nan [www.vpkflorida.org](http://www.vpkflorida.org) epi voye aplikasyon an pa imel oubyen voye l pa lapòs bay Kowalisyon pou Aprantisaj Timoun Piti (Early Learning Coalition). Ou ka pran kontak dirèkteman ak Kowalisyon pou Aprantisaj Timoun Piti (Early Learning Coalition) pou ka pran yon aplikasyon.



## POU KA GEN PLIS ENFÒMASYON OUBYEN SI W TA GEN PLIS KESYON

Tanpri, vizite sit entènèt VPK a nan  
[www.vpkflorida.org](http://www.vpkflorida.org)  
oubyen rele nou nan nimewo telefòn gratis la nan:  
**1-866-357-3239 (TTY:711)**



Pou ka gen plis enfòmasyon, kontakte:

## PWOGRAM VOLONTÈ ANVAN JADEN DANFAN

Ajans pou Inovasyon nan Mendèv  
Biwo Aprantisaj pou Timoun Piti



Desèvi tout timoun ki gen 4 an  
yo nan Florida pou yo resevwa yon  
pwogram Volontè anvan Jaden  
Danfan ki gen yon kalite siperyè

## VIZYON NOU GENYEN AN

Se pou timoun nan Florida vle aprann epi pou yo gen preparasyon pou ka travay ak siksè lè yo antre nan jaden danfan

## MISYON NOU GENYEN AN

Pou nou asire nou ke tout timoun prepare entelekyèlman, emosyonèlman, fizikman ak sosyalman pou yo antre lekòl epi pou yo aprann, pandan ke nou reyalize wòl predominan paran yo antanke premye pwofesè pitit yo

ANSEYAN YO